**दिन–शनिवार** **दिनांक–13.07.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

रूपौली विधानसभा उपचुनाव मे निर्दलीय शंकर सिंह के जीत प्राप्त भेल अछि। ओ अपन निकटतम प्रतिद्वंदी जदयूक कलाधर प्रसाद मंडल के आठ हजार दू सय छियालीस भोट सँ पराजित कयलनि। राजदक बीमा भारती तेसर स्थान पर रहली। शंकर सिंह के कुल अड़सठि हजार सत्तरि मत प्राप्त भेलनि। ओतहि, जदयूक कलाधर प्रसाद मंडल के उनसठि हजार आठ सय चौबीस आ राजदक बीमा भारती के तीस हजार तीस हजार छओ सय उन्नैस मत प्राप्त भेलनि। शंकर सिंह वर्ष दू हजार पाँच मे लोजपाक टिकट पर रूपौली सँ विधायक चुनल गेल छलाह। ओतहि वर्ष दू हजार दस, दू हजार पन्द्रह आ दू हजार बीसक विधानसभा चुनाव मे ओ दोसर स्थान पर रहलाह। रूपौली विधानसभा सीट पर उपचुनाव बीमा भारती के त्यागपत्र देलाक बाद कराओल गेल छल। ओ राजदक टिकट पर लोकसभा चुनाव लड़बाक लेल अपन विधानसभा सीट छोड़ि देने छलीह।

---

पटना उच्च न्यायालय समेत प्रदेशक सभ अदालत मे आइ राष्ट्रीय लोक अदालतक आयोजन कयल गेल। एहि अदालत मे दीवानी मामिलाक संग–संग किछु प्रकारक फौजदारी मामिला, बैंक ऋण विवाद, बिजली बिल, टेलीफोन बिल, मोटरयान दुर्घटना आ वैवाहिक विवाद सँ संबंधित मामिला के आपसी सहमतिक आधार पर निष्पादन कयल गेल। दरभंगा व्यवहार न्यायालय मे एहि वास्ते तेरह न्यायिक बेंच जखनकि बेनीपुर न्यायालय मे तीन आ विरौल मे चारि न्यायिक बेंचक गठन कयल गेल छल, जतऽ कतेको मामिलाक आपसी सुलह कराओल गेल।

---

शिक्षा विभाग कहलक अछि जे ई शिक्षा कोष ऐपक माध्यम सँ ऑनलाइन उपस्थिति दर्ज नहि कराबयवला शिक्षक लोकनि के वेतन रोकि लेल जायत। विभाग पोर्टल ऑनलाइन

उपस्थिति नहि बनाबयवला शिक्षक लोकनिक रिपोर्ट सेहो जिला सभ सँ मांगलक अछि। विभागीय सूत्रक अनुसार ओहि शिक्षक लोकनि के जुलाई मासक वेतन भोगतानक अनुशंसा कयल जायत, जिनक ऑनलाइन उपस्थिति पोर्टल पर दर्ज होयत।

———————————————————————

मॉनसूनक सक्रियताक कारणे प्रदेश मे लगातार बरखा भऽ रहल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटा मे पश्चिम चंपारण जिलाक सिकटा मे सभ सँ बेसी एक सय चालीस दशमलव छओ मिलीमीटर बरखा दर्ज कयल गेल। मौसम पूर्वानुमान मे कहल गेल अछि जे अगिला चौबीस घंटा मे किशनगंज, अररिया, पश्चिम चंपारण, गोपालगंज, सीवान, रोहतास, औरंगाबाद आ समस्तीपुर जिला मे एक दू ठाम भारी बरखा हेबाक आशंका अछि। ओतहि, राज्यक शेष भाग मे मध्यम बरखा भऽ सकैत अछि।

———————————————————————

नेपालक जलग्रहण क्षेत्र मे भऽ रहल बरखाक कारणे घाघरा, गंडक, बागमती, कमलाबलान, कोसी, महानन्दा आ अधवारा समूहक नदी उफान पर अछि। गंगा नदीक जलस्तर मे सेहो बढ़ोतरीक प्रवृति बनल अछि। बाल्मीकिनगर गंडक बराज सँ लगातार पानि छोड़ल जयबाक कारणे नव क्षेत्र सेहो बाढ़िक चपेट मे आबि गेल अछि। सीतामढ़ी जिला मे भिट्ठामोड़—चोरौत एनएच दू सय सत्ताईस पर दू सँ तीन फीट पानि बहि रहल अछि। सोनवर्षा मे भारत नेपाल सीमा सड़क पर तीन फूट पानि बहि रहल अछि। दरभंगा मे कमलाबलान नदीक जलस्तर बढ़ला सँ कुशेश्वर स्थान पूर्वी प्रखंडक इटहर पंचायतक सभ सात गामक करीब दस हजार आबादी बाढ़ि सँ प्रभावित भेल अछि। आवाजाही लेल प्रशासन द्वारा पचीस नाव उपलब्ध कराओल गेल अछि। मधुबनी जिला मे कोसी, कमलाबलान आ भूतहीबलान नदीक बाढ़ि सँ करीब एक लाखक आबादी प्रभावित अछि। शिवहर जिला मे बागमती आ लालबकैया नदीक उफानक कारणे कतेको निचला क्षेत्र मे बाढ़िक पानि पसरि गेल अछि। कोसी नदी मे आयल बाढ़ि सँ सहरसा जिलाक महिषी अंचलक एना—मंगरौनी आर डब्ल्यू डी सड़क पंद्रह फीट क्षतिग्रस्त भऽ गेल। जखनकि जिलाक नवहट्टाक हाटी पंचायतक देवका—कटियाहीक सड़क आ पुलिया सेहो क्षतिग्रस्त भऽ गेल अछि। सुपौल आ मधेपुरा जिला मे बाढ़िक स्थिति जस के तस बनल अछि।

———————————————————————

रोहतास जिलाक कैमूर पहाड़ी पर माँ तुतला भवानी धाम स्थित जल प्रपात मे काल्हि अचानक आयल बाढ़ि मे फंसल सभ छओ सैलानी के सुरक्षित निकालि लेल गेल। काल्हि सांझ जल प्रपात मे अचानक बाढ़ि आबि गेल छल।

———————————————————

मुंगेर मे किछु अपराधी दू गोटे के गोली मारिकऽ हत्या कऽ देलक। पुलिस सूत्रक अनुसार एहि मे एक मृतकक आपराधिक इतिहास छल।

———————————————————

पटनाक दानापुर मे किछु अपराधी एक बैक्वेट हॉल मे विवाह समारोह मे दुल्हाक भाई आ बहनोई के गोली मारि कऽ हत्या कऽ देलक। पुलिस अपराधीक गिरफ्तारी लेल छापामारी कऽ रहल अछि।

———————————————————

सारण जिलाक कोपा थाना क्षेत्र अंतर्गत मोचन मंदिर लऽग एक ट्रक सँ चारि माहिला के धक्का लागि गेल, जाहि मे एक माहिलाक मृत्यु भऽ गेलनि।

———————————————————

समाप्त